

# Community Perspectives on Encore Boston Harbor Casino

## De kisa rapò sa a pale

Malgre sipò jeneral, mwens pase mwatye nan adilt Ameriken yo kwè kazino yo ede kominote lokal yo. Rechèch yo montre jwèt aza afekte kominote koulè yo nan yon fason demezire, sa ki ta fè konprann kijan entwodiksyon kazino yo gendwa jenere plis krim, diskriminasyon rasyal, epi pwoblèm jwèt aza ki karakterize pa souvan konsekans negatif ak posib pèt kontwòl sou konpòtman. Li enpòtan pou rechèch sou efè kazino yo enkli moun ki ap viv ak travay nan kominote ki nan antouraj kazino yo.

Etid sa fèt sou youn nan twa (3) kazino k ap fonksyone nan Massachusetts—Encore Boston Harbor, ki te louvri nan mwa jen 2019. Yo estime 5.6 milyon moun ki gen laj legal pou jwe aza ap viv nan yon distans kondi 90 minit distans ak Encore. Komisyon Gaming Massachusetts (Massachusetts Gaming Commission (MGC)) te finanse NORC nan University of Chicago (NORC) ak Enstiti pou Sante Kominotè (Institute for Community Health (ICH)) pou angaje ak manm kominote yo pou konsevwa ak fè yon etid rechèch ki te kaptire pèspektiv sou entwodiksyon Encore ak fason li te afekte kalite lavi chak jou moun nan kominote ki nan antouraj kazino a.

## Kisa ekip etid la te fè

Ekip etid la te konpoze de NORC, ICH, ak yon Konsèy Konsiltatif Kominotè ki nan manm kominote a k ap viv ak travay ozalantou Encore. Komisyon Konsèy Kominote a te asire bezwen ak pèspektiv kominote a te reprezante pandan tout etid la (pa egzanp, nan konsepsyon rechèch etid la, koleksyon done, analiz, ak nan pataje rezilta yo).

Ekip etid la te rekrute kat manm kominote a pou sèvi pou fè entèvyou ansanm ak yon manm ekip ICH. Entèvyouvè sa yo te fè 47 entèvyou vityèl ak manm kominote a k ap viv nan uit kominote ozalantou Encore. Patisipan yo te gen divès idantite rasyal ak etnik, te reprezante divès kominote, epi yo te pale senk (5) lang diferan: angle, Chinwa [Mandarin oswa Kantonè], Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, ak Panyòl. Mwatye nan patisipan yo idantifye kòm Panyòl oswa Latino. Yon majorite te fanm epi yo te gen laj ant 25 ak 54 ane. Prèske mwatye nan patisipan yo te viv nan kominote yo pou plis pase 10 ane.

Ekip etid la analize transkripsyon entèvyou yo ak nòt yo pou idantifye tèm, santiman pataje, ak diferans ki genyen atravè pèspektiv patisipan yo. Yo te menm tou analize ak entèprete konklizyon yo ak entèvyouvè ak yon ti gwoup nan patisipan yo.

## Pou ki moun etid sa a fèt

Etid sa a fèt pou manm kominote nan Boston, Cambridge, Chelsea, Everett, Malden, Medford, Revere, Somerville, oswa Winthrop, ansanm ak ofisyèl gouvènman, operatè kazino, ak chèchè yo. Ofisyèl gouvènman yo ak operatè kazino yo ta gendwa konsidere manm kominote ki angaje aktivman nan pran desizyon pou asire yo konsidere bezwen kominote a. Plis rechèch ta ka fèt sou efè demezire kazino yo sou diferan gwoup sosyo-ekonomik nan kominote dakèy la.

## Konklizyon prensipal

---

### Patisipan yo te gen opinyon melanje sou jwèt aza legalize

Gen kèk patisipan ki te pataje opinyon negatif, ki fè remake yo kwè entwodiksyon de yon kazino nòmalize jwèt aza epi ankouraje pwoblèm konpòtman jwèt aza. Gen kèk te gen opinyon pozitif sou jwèt aza legalize e yo te sipòte gen yon kazino nan katye yo. Yo te kwè ke jwèt aza se yon fòm amizman, kidonk manm kominote a ta dwe gen libète pou jwe aza si li legal epi reglemante. Kèk patisipan te gen opinyon net sou jwèt aza legalize ki gen ladan pèspektiv ambivalan ak melanje.

### Patisipan yo te gen opinyon melanje sou efè Encore sou ekonomi lokal la, tankou travay, lojman, ak ti biznis yo.

Kèk patisipan te kwè Encore te kreye travay nan zòn nan. Men, plizyè te atann Encore ta pral pote travay ak lajan nan kominote lokal yo anvan devlopman li yo men yo poko wè sa rive. Patisipan ki te idantifye kòm Panyòl oswa Latino ak moun ki te viv nan kominote ki nan antouraj Encore pandan plis pase 10 ane yo souvan te gen opinyon negatif sou efè kazino a sou travay, ki enkli bon jan kalite travay yo. Anpil patisipan te note kijan pandemi COVID-19 te lakòz pèt travay nan Encore ak ensètitud, ki te afekte finans anplwaye li yo yon fason negatif.

Gen kèk patisipan ki dekri ogmantasyon pri lwaye ak kay nan kominote ki nan antouraj Encore yo. Gen kèk ki dekri kijan yo wè yon ogmantasyon nan apatman deliks ak kondò nan zòn nan, men yo pa wè sa pou lojman ki abòdab yo. Men, gen kèk ki te note kijan se pa anpil nan efè yo ki atribiye a Encore men ki pito refleto tandans mache a anjeneral.

Patisipan yo te gen opinyon melanje sou efè Encore sou ti biznis lokal yo. Gen kèk patisipan ki te note kijan ti biznis nan kominote nan antouraj yo te fèmen oswa pèdi anplwaye ak kliyan apre Encore louvri. Gen kèk patisipan ki deklare prezans Encore te fè Everett yon "destinasyon" ki atire moun ki ta gendwa pa te janm vizite zòn nan si se pat sa. Patisipan sa yo te note kijan sa te ranfòse ekonomi lokal la ak kliyantèl pou ti biznis yo ki nan antouraj la.

### Patisipan yo te gen opinyon melanje sou efè Encore sou divès faktè sosyal ak anviwònman

Pandan plizyè patisipan te note kijan Encore te pote pi bèl peyizaj, pak, ak espas lwazi nan zòn nan, kèk lòt te gen opinyon melanje sou chanjman yo nan orizon an. Anpil patisipan ki te rapòte kijan lè yo t ap kondui pase bò Encore te note kijan prezans li te ogmante trafik nan zòn nan epi sa te lakòz li pran plis tan pou vwayaje epi li ogmante anbouteyaj, sitou pandan konstriksyon li a. Anpil patisipan te di ke wout ki antoure Encore yo kounye a pi fasil pou vwayaje sou. Gen kèk ki te panse Encore te pote nouvo konstriksyon ak devlopman nan zòn nan. Men, plizyè patisipan te santi ke Encore te kapab fè plis pou amelyore enfrastrikti lokal pi depase teren kazino yo.

Kèk patisipan te dekri yon ogmantasyon prezans lapolis ak anbilans nan katye ki nan antouraj yo, ansanm ak plis aktivite kriminel. Kèk patisipan te eksprime enkyetid tou konsènan efè Encore genyen sou jèn yo. Yo te note kijan lè yo ekspoze nan kazino yo, sa nòmalize konpòtman jwèt aza pou jèn moun.

Patisipan yo te gen santiman melanje konsènan efè Encore sou relasyon yo nan kominote yo. Pou plizyè, Encore se yon nouvo kote ki amizan nan vil pou rasanble ak zanmi epi pou òganize evènman, ki ranfòse relasyon nan kominote a. Pou kèk lòt patisipan, Encore te kreye tension nan relasyon ant zanmi ak fanmi, epi li pa t kreye yon santiman apatenans nan kominote a.

### Patisipan yo eksprime enkyetid konsènan efè Encore sou sante

Gen kèk patisipan ki te kwè Encore te afekte sante mantal manm kominote yo nan yon fason ki negatif. Yo te santi kijan se sa ki lakòz ogmantasyon estrès. Gen kèk patisipan ki eksprime enkyetid ki fè konprann atmosfè Encore kreye a se rezon prensipal ki ogmante konsomasyon alkòl. Gen kèk patisipan ki kwè Encore te kontribye ak plis pwoblèm pase jwèt aza. Gen kèk ki te note kijan li posib pou anpil manm kominote a ki pa t ap janm jwe jwèt aza te sèlman fè sa kòz yo nan antouraj Encore a. Plizyè patisipan te pataje istwa pèsònèl oswa anekdotik sou manm kominote a ki pèdi zanmi oswa relasyon fanmi akòz pwoblèm jwèt aza. Gen kèk kwè Encore te kontribye nan pèt finansye pèsònèl. Pèt lajan sa a te mennen nan difikilte pou kèk moun peye pwovizyon alimantè, sèvis piblik, ak lwaye.

## Kisa patisipan yo te rekòmande:

---

1

### Re-vesti lajan nan kominote ki toupre yo:

Plizyè patisipan yo te kwè Encore ta dwe finanse pwogram kominotè yo ak devlopman plis pak ak espas vèt epi yo rekòmande pou Encore finanse pou pou pyeton yo mache ak transpò piblik ki depase teren kazino yo. Plizyè patisipan yo te dekri bezwen pou Encore devlope oswa investi nan pwogram kominotè pou fanmi ak jèn. Lòt rekòmandasyon yo enkli investi nan anviwònman an (pa egzanp, enèji pwòp), bay plis opòtinite nan travay lokal yo, epi sipòte ti biznis lokal yo ak kominote imigran yo.

2

### Sipò ak resous pou moun ki fè eksperyans ak pwoblèm jwèt aza:

Gen kèk patisipan ki dekri yon bezwen pou Encore bay materyèl edikatif ak resous pou moun ki fè eksperyans oswa ki riske vin viktim akòz jwèt aza. Sa ka enplike pataje bwochi, afiche siyal vizib, etabli pwogram ki mete restriksyon sou antre pou moun ki gen yon istwa nan pwoblèm ak jwèt aza, epi bay resous pou moun gen moun pwòch yo ki gen pwoblèm jwèt aza.

3

### Angaje yon fason ki pi aktif ak manm kominote a:

Kèk patisipan te vle Encore angaje ak manm kominote yo dirèkteman, patisipe nan reyinyon kominote a, epi koute bezwen kominote a. Sa ta pèmèt Encore devlope pwogram ak opòtinite ki baze sou bezwen sa yo.

## Konklizyon

---

Li difisil pou distenge enpak Encore nan faktè ki pi elaji tankou ijans sante piblik COVID-19 ak ogmantasyon enflasyon. Men, patisipan yo te pataje enkyetid espesifik ak pèsepsyon sou enpak kominote Encore a sou ekonomi an, faktè sosyal ak anviwònman an, ak sante. Patisipan yo tou mete aksan sou enkyetid konsènan "Encore pou ki moun?" lè yo remake kijan kazino gen anpil chans gen efè demezire sou kominote nan antouraj yo ki depann sou sitiyasyon sosyo-ekonomik ak kiltirèl. Encore ak gouvènman lokal yo ta dwe rekonèt enpak posib sa yo epi angaje yo ak kominote a pou jwenn opinyon sou bezwen yo ak sou fason yo repati resous yo.

## Konsènan ekip etid la

NORC nan University of Chicago se yon òganizasyon rechèch ki objektif, ki san patipri, ki bay enfòmasyon ak analiz moun k ap pran desizyon yo fè konfyans. Ekip NORC a te gen Jenna T. Sirkin, Petry S. Ubri, Jared Sawyer, Christina Drymon, ak Meghan Woo.

ICH se yon òganizasyon konsiltasyon san pwofi ki bay evalyasyon patisipatif, rechèch aplike, evalyasyon, planifikasyon, ak sèvis done. ICH ede enstitisyon swen sante yo, ajans gouvènman yo, ak òganizasyon kominotè yo amelyore sèvis yo epi maksimize enpak pwogram yo. Ekip ICH la te gen ladann Sofia Ladner, Danielle Chun, ak Sarah Jalbert.

Manm Konsèy Konsiltatif Kominotè yo enkli Diego Nascimento, Hugo Rengifo, James Eliscar, Jessica Thai, Linh Ho, Veronica Monserrat, ak Wil Renderos.

Entèvyou kominotè yo enkli Tatiana Antoine, Yanqing Huang, Milla Maia, ak Josh Zhu.

## Finansman Etid la

Sipò finansye pou etid sa a soti nan Komisyon Gaming Massachusetts atravè Fon Trust Fund Sante Piblik la. Pwojè sa a te yon òf konpetitif epi yo te akòde bay NORC ak ICH nan mwa me 2021.



## Ki kote pou jwenn aksè nan rapò konplè

Ki kote pou jwenn aksè nan rapò konplè NORC nan University of Chicago, Institute for Community Health (2022). Pèspektiv Kominotè sou Encore Boston Harbor Casino: Rapò Final. Disponib nan: <https://massgaming.com/research/community-perspectives-on-encore-boston-harbor-casino/>